

WE ARE YOUR DOL

NEW YORK STATE

Department of Labor

SÈVIS POU BIZNIS YO

N ap Sipòte Bezwen Biznis yo nan Nouyòk

Nan bon ak move moman ekonomik, Depatman Travay Eta Nouyòk gen pwogram ak sèvis gratis ki ka fè biznis ou a sove tan ak lajan. Kit se pou rekrute ak bay fòmasyon pou nouvo anplwaye oswa bay konsèy sou yon seri pwoblèm travay, nou ka ede.

AFICHE TRAVAY

Afiche travay ou yo sou sit entènèt travay k ap pran moun yo (jobs.ny.gov) gratis! Ou ka itilize karakteristik pou anrejistre pou kopye opòtinite travay ki sot nan pwòp sit entènèt ou, travay ou afiche poukont ou oswa ou gen Anplwaye Sèvis Biznis ki pou ede w. Ou ba nou deskripsyon travay, konpeyans ak kapasite yo vle a, epi n ap jwenn moun ki pi koresponn nan pou ou. Ou ka antre nan Kote nou Anrejistre Pwofesyonèl yo, k ap ede w chèche moun ki kalifye pou travay w ap bay la. Lè w itilize sèvis sa a, sa ka ede w sove anviwon \$8,000 nan depans pou afiche travay yo.

RANKONT KOTE Y AP BAY TRAVAY / REKRITMAN PÈSONALIZE

Evènman gratis sa yo pèmèt ou rankontre plizyè kandida ki kalifye fas-a-fas. Nou ka vize evènman nan endistri presi oswa nan yon biznis endividyèl. Nou ka òganize evènman nan lokal Ministè Travay oswa nan kote biznis ou a ye a. Lè w patisipe ou ka sove \$13,000 nan depans rekritman.

SÈVIS POU JWENN MOUN KI KORESPONN - NY TALENT AK SMART

NY Talent se yon nouvo zouti ki ede biznis jwenn kandida ki pi kalifye pou travay k ap pran moun yo. Li ofri yon zouti kòmman travay ak kapasite pou chèche CV. SMART (Skills Matching and Referral Technology) se menm zouti moun k ap chèche travay yo itilize pou yo fè CV epi jwenn moun ki koresponn pou travay yo. Toulède zouti yo itilize teknoloji entelijans atifisyèl pou analize kòmman travay ak CV lè l sèvi avèk konpetans ki koresponn, olye pou l sèvi ak mo kle.

KONSILTASYON AK ANPLWAYE DEPATMAN TRAVAY

Si w gen kesyon konsènan responsablite w antanke yon biznis nan Nouyòk, anplwaye Depatman Travay la disponib pou rankontre ak revize yon seri règ ak kondisyon pou ka kontinye respekte yo.

ÈD RESOUS IMÈN

- Ekri/revize deskripsyon travay ou ak manyèl anplwaye yo
- Devlope evalyasyon pèfòmans ak règleman pou anplwaye yo
- Kreye sesyon oryantasyon pou nouvo travayè
- Metrize teknik entèvyou travay pou moun yo ka efikas epi respekte règleman
- Analize woulman anplwaye yo
- Esplike lwa travay yo pou ede w respekte règleman salè/èdtan ak règleman sekirite/sante

ÈD POU SANTE AK SEKIRITE

Kenbe mendèv nan Eta Nouyòk la pou pa gen okenn pwoblèm se premye priyorite nou. Si w gen kesyon sou sekirite pwofesyonèl ak èd anrapò ak sante oswa ou enterese pou w resevwa yon konsiltasyon gratis, voye yon imel ba nou nan onsite@labor.ny.gov pou w pran yon randevou.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram Sekirite ak Sante nou yo sou sit entènèt nou an: www.labor.ny.gov/workerprotection/safetyhealth/DOSH_INDEX.shtm

KREDI FISKAL

Gen yon kantite kredi fiskal federal ak eta ki disponib pou biznis ki anboche moun ki kalifye, ki ka ofri gwo ekonomi pou biznis ou:

KREDI FISKAL POU OPÒTINITE KREDI TRAVAY (WOTC)

Yon kredi taks federal pou ankouraje anplwaye ki soti nan gwoup sib, tankou ansyen militè ak jèn.

KREDI FISKAL POU TRAVAYÈ KI ANDIKAPE (WETC)

Yon kredi sou taks Eta New York ki ofri ekonomi pou anboche moun ki gen andikap.

EXCELSIOR JOBS PROGRAM

Ofri kredi taks pou kreyasyon travay nan endistri vize yo, tankou bioteknoloji, famasi, teknoloji avanse, teknoloji pwòp, teknoloji vèt, sèvis finansye, agrikilti ak fabrikasyon.

FÒMASYON

Si w bezwen amelyore kapasite travayè w yo, nou ka refere w bay founisè fòmasyon sètifye oswa ede w tabli yon pwogram fòmasyon nan kay la. Nan kèk ka, gen finansman ki disponib pou ede w fòme travayè w yo. Nan pwogram yo w ap jwenn:

FÒMASYON PRATIK (OJT)

Fòmasyon Espesyalize ou devlope e mete sou pye pou konble vid ki gen nan konpetans yo.

FÒMASYON APRANTISAJ

Yon seri eksperyans travay ak ansèyman nan klas pou pwodwi yon travayè kalifye.

ENFÒMASYON SOU MACHE TRAVAY LA (LMI)

W ap eseye jwenn oswa agrandi operasyon ki egziste deja yo? Nou gen enfòmasyon sou mache travay ki pi resan ak egzak ki disponib, tankou done sou ekipman pou travay, salè, pwojeksyon pwofesyonèl, modèl transpò ak dènne chif travay yo.

TRAVAY PATAJE

Pandan moman ki pa gen anpil aktivite yo, pwogram Travay Pataje se yon lòt bon opsyon pou revokasyon. Ou ka diminye èdtan anplwaye w yo travay yo epi yo ka jwenn avantaj pasyèl Asirans Chomaj bay pou moun ki pèdi travay yo. Li ede ou kenbe mendèv kalifye w yo epi alepi rapid lè ekonomi an repati.

POU W APRANN PLIS SOU NENPÒT NAN PWOGAM AK SÈVIS SA YO, KONTAKTE YON REPREZANTAN SÈVIS BIZNIS

REJYON KAPITAL LA

Kathleen McCoy
155 Washington Avenue, Twazyèm Etaj
Albany, NY 12210
518-457-2483
kathleen.mccoy@labor.ny.gov

LONG ISLAND

Jo Ann McCants
303 West Old Country Road
Hicksville, NY 11801
516-934-8521
joann.mccants@labor.ny.gov

SOUTHERN TIER

David Croston
171 Front St
Binghamton, NY 13905
607-778-3004
david.croston@labor.ny.gov

CENTRAL NEW YORK

Roy Jewell
450 South Salina Street, Room 302
Syracuse, NY 13202
315-479-3362
roy.jewell@labor.ny.gov

MOHAWK VALLEY

James Bepko
207 Genesee St
Utica, NY 13501
315-793-2271
james.bepko@labor.ny.gov

WESTERN NEW YORK

Christopher Kokoszka
284 Main Street, Etaj anba
Buffalo, NY 14202
716-851-2655
christopher.kokoszka@labor.ny.gov

FINGER LAKES

Jason Kirchhoff
276 Waring Road
Rochester, NY 14609
585-258-8843
jason.kirchhoff@labor.ny.gov

NEW YORK CITY

Scott Gallop
9 Bond Street
Brooklyn, NY 11201
718-613-3657
scott.gallop@labor.ny.gov

HUDSON VALLEY

Sheila Davis
3 Washington Center, Katriyèm Etaj
Newburgh, NY 12550
845-568-5322
sheila.davis@labor.ny.gov

NORTH COUNTRY

Melissa Baretzky
194 US Oval
Plattsburgh, NY 12901
518-561-0430
melissa.baretzky@labor.ny.gov